

# CUNY-INITIATIVE ON IMMIGRATION AND EDUCATION

## PRENSIP FONDALNATAL

Travay CUNY-IIE chita fèm sou yon seri prensip, ki reflekte yon pakèt sijè ki makonnen ansanm nan jan nou panse ak travay nou fè. Youn nan objektif primè nou se **apran** ak konprann eksperyans migrasyon, selon pwendvi imigran yo yo menm. Nou chèche konsyan sou istwa peyi sa a, ki te fonde avèk yon pakèt ideyal ambisyè men ki anfèt te bati sou de pilye marasa ki se esklavaj ak vòlè tè pèp otokton yo. Fè fas ak lide sa yo gendwa fè moun pa santi yo alèz detanzantan, men nou kwè deranjman sa a souvan se yon pati pwosesis aprann pou nou tout. Finalman, kòm pati objektif nou pou **aji epi defann**, prensip sa yo konsène pozisyon anseyan ka pran pandan nou tout ap chèche mete aksan sou imanite nou pataje epi kreye politik ak opòtinite edikatif ki ekitab pou tout moun.

### Lavi Imigran Nwa Yo Konte.

CUNY-IIE pòte solidarite avèk tout moun k ap lite pou egalite ak jistis nan mouvman Black Lives Matter [Lavi Nwa Yo Konte]. Kidonk li enpòtan pou nou abòde travay sa a avèk lide solidarite sa a nan tèt nou. Menmsi imigran nwa yo se pi piti pousantaj imigran Ozetazini, se yo y ap plis sible pou depòtasyon. Lè nou mete lavi ak eksperyans moun ki pi vilnerab yo an priyorite, nou kapab defann egalite tout moun.

### Pa gen moun ki ilegal sou tè vòlè.

Nou kwè yo pa ta dwe defini pèsòn moun selon estati migrasyon li, epi nou kanpe anfas pawòl "ilegal" la ki fè moun konprann gen moun ki pa fin moun. Koze sa a fin pi konplike ankò avèk istwa kolonizasyon peyi Etazini a. Leta Nouyòk chita sou tè yo vòlè nan men pèp otokton: Lenape, Haudenosaunee, Mohican, Abenaki, Erie, Canarsie, Rockaway, Algonquin, Merrick, Massapeguas, Matinecock, Nissaquogues, Setaukets, Corchaug, Secatogue, Unkechaug, Shinnecock, Montaukett, ak Mannansett.

### Nou tout pa imigran.

Estrikti peyi Etazini pa genyen imigran ladann sèlman men li genyen otokton tou, sila yo te vòlè tè yo lè yo t ap kreye peyi sa ansanm ak sila ki se pitit pitit moun yo te mete nan esklavaj, sa yo te mennen nan peyi a san konsantman yo. Nou pa renmen estil pawòl ki di "nou tout se imigran" ak "nasyon sila a se imigran ki bati l," paske sa mete plis fènwa sou endijèn yo epi sou reyalyte yo te viv nan peryòd esklavaj la ansanm ak eksperyans nwa yo Ozetazini.

### Eksperyans imigran yo ale pi lwen istwa Latino yo.

Retorik sou dwa imigran yo nan Etazini souvan chita sou kominote latino ameriken yo, espesyalman sou eksperyans meksiken yo. Anfèt, eksperyans imigran yo nan Etazini gen ladan li plizyè, ras ak gwoup etnik. Kòm n ap chèche defann pou tout imigran nan Nouyòk jwenn opòtinite egal ego, se yon enpòtan total kapital pou rekonèt epi fè espas pou imigran ki pa nan kategori dyaspora latino.

### Imigran ak etidyan ki pote non "Moun k ap aprann lang anglè" pa menm bagay. Yo pa dwe pran youn pou lòt.

Anviwon mwatye nan tout moun k ap aprann pale plizyè lang nan Nouyòk fèt nan peyi Etazini, yon pakèt ladan yo te grandi nan kay kote moun yo pale plizyè lang epi te bezwen sipò siplemantè pou aprann anglè atravè edikasyon ki fèt nan de lang oswa pwogram anglè kòm yon nouvo lang (English as a New Language, oswa ENL, an anglè). Anplis de sa, pifò nan imigran yo sòti nan peyi ki pale anglè epi/oswa yo gentan pale de lang. Depreferans, tout elèv epi espesyalman sila ki gen lòt lang manman ki pa anglè ap jwenn opòtinite pou vin bileng oswa gen kapasite pou aprann ak ekri nan de lang nan lekòl. Li enpòtan pou nou pa melanje de (menmsi yo gen pwen ki sanble) kategori elèv sa yo ki se imigran ak sa yo mete nan kategori moun k ap aprann lang anglè.

### Eksperyans imigrasyon an konplike.

Rezon pou migre antre nan peyi Etazini varye selon moun nan ak fanmi an, men kite lakay ou, fanmi w, lang manman w ak kilti w se yon bagay ki souvan angwasan. Epi menmsi kèk imigran vin Etazini pou opòtinite ekonomik, pwoblèm lajan an kapab toujou yon defi pou nouvo imigran yo. Poutan, retorik konvansyonèl yo soutni diskou ki di imigran yo pi kontan lè yo Etazini pase lè yo nan peyi yo fèt la. Pèsepsyon sa jwenn fòs nan mesaj ki chita sou entegrasyon sosyal ak patriyotis. Sepandan, anplis de tout defi sa yo, yo souvan trete imigran yo tankou sitwayen dezyèm klas oswa yo refize yo sitwayèn tou, epitou, imigran yo viv lalwa oswa pratik siveyans ki fè Etazini se yon peyi ki rayisab ak imigran.

### Migrasyon kapab twomatizan.

Travay nou rekonèt ke eksperyans migrasyon an kapab difisil epi di anpil lè politik ak mantalite fè fwontyè a sanble yon zòn konba. Menm lè gen yon bèl kanpay Migrasyon Bèl yo senbolize souvan ak imaj yon papiyon, nou dwe rekonèt ke eksperyans migrasyon an kapab twomatizan pou etidyan ansanm avèk manm kominote a. Nou vle konprann ak rekonèt eksperyans sa yo, se pou sa nou enkli resous pou sante mantal ak sipò sosyal ak emosyonèl nan travay nou.

### Zenofobi se yon bagay sistematik.

Dyalòg anti-imigran an blame imigran pou pwoblèm ekonomik peyi a, lekòl ki pa mache byen, epi resous medikal ki pa kont pou tout moun. Rechèch kontinye montre ke imigran pa gen yon enpak negatif sou youn nan sèvis sa yo. Okontrè, imigran gen yon enpak pozitif sou plan sosyal ak ekonomik. Yo meprize imigran poutèt zenofobi, menm jan ak rasis, se yon pwoblèm sistematik nan peyi Etazini. Poutèt sa, etidyan ki imigran pi souvan gen mwens mwayen ekonomik, yo ale nan lekòl ki pa gen bon resous, epi yo ba yo mwens sèvis sosyal.

### Kite elèv aprann nan lang yo pi alèz la se yon bagay ki kapital.

Nou kwè ke lang elèv imigran yo pale lakay yo, ki gen ladan yo plizyè lang ak varyete, se yon fòs ki dwe fè pati edikasyon yo. Pedagoji sa a ki itilize ak valorize tout lang yon elèv militeng pale, vin entegre yon fleksibilite nan jan edikasyon yo fèt, sa ki vin ba yo yon vwa epi kreye opòtinite pou yo aprann nan tout pwogram, sijè ak tout nivo. Tout enstriksyon dwe baze sou resous lengwistik etidyan yo, menm si yo pa idantifye kòm Moun ki ap Aprann pale anglè.

### Nou vle ale pi lwen ke travay tankou alye pou nou kapab travay tankou konplis.

Travay nou vle fè a se bay anseyan yo opòtinite pou yo angaje yo tankou alye, epi pou yo soti nan travay alye pou yo travay tankou konplis. Yon alye pote kole nan aktivis lè li kanpe ak yon moun oswa yon gwoup nan yon kominote moun yo mete sou kote; yon konplis konsantre li sou kraze estrikti ki oprese moun sa a oswa gwoup sa a—e travay sa a se moun ki an chèf nan kominote yo mete sou kote a ki ap di li kijan pou li fè l. Pandan n ap kontinye edike tèt nou ak lòt moun, travay nou se pou nou kreye alye pandan nou rekonèt epi chanje strikti ki gen yon enpak sou etidyan ak kominote imigran yo.



Cynthia Nayeli Carvajal, Ph.D. ki ekri l

Kreyòl Ayisyen, Haitian Creole